



Pou Piblikasyon Imedya: 03/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 3.38 MILYON DOLA POU CHOOSE HEALTHY LIFE POU ABÒDE INEGALITE NAN SANTE NAN KOMINOTE NWA YO ATRAVÈ LEGLIZ NWA A

Finansman an pral sipòte pwogram byennèt prevantif ke 20 legliz atravè Vil New York ap dirije

Gouvènè Kathy Hochul te rekonèt jodi a Choose Healthy Life (CHL) pou travay li pandan pandemi an nan ofri tès ak vaksen COVID-19 atravè legliz Nwa li yo atravè senk minisipalite New York. Nan yon evènman ki te fèt nan First Corinthian Baptist Church Choose Healthy Life la nan Harlem, Gouvènè a te anonse ke Bidjè Eta New York pou ane fiskal 2023 a gen ladan yon alokasyon 3.38 milyon dola pou Choose Healthy Life pou abòde inegalite nan sante ak administre pwogram byennèt prevantif ke 20 legliz dirije. Anons Gouvènè a lanse yon wikenn Choose Healthy Life ki rele "Espwa ak Gerizon" (Hope and Healing) ki gen ladan Majistra Vil New York la, Eric Adams, k ap fè diskou nan yon sèvis legliz dimanch 5 jen nan Cornerstone Baptist Church CHL la nan Brooklyn.

"Pandemi an te ekspoze gwo inegalite nan swen sante nan kominote Nwa yo, epi jodi a n ap pran mezi konkrè pou konble twou vid ki genyen yo epi pote swen bay moun ki pi bezwen yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Finansman sa a pral enpòtan pou ede abòde inegalite nan swen sante nan kominote defavorize yo. Mwen remèsye Choose Healthy Life pou efò li yo pandan tout pandemi COVID la epi mwen pa ka tann pou wè patenarya nou kontinye pou asire swen kalite disponib ak aksesib".

Angajman eta a fè pati yon kolaborasyon piblik-prive ki gen ladan sipò finansman ki soti kote patnè fondatè CHL Quest Diagnostics Foundation pou anboche mendèv sante kominotè ki baze nan legliz ki te etabli nan New York epi angaje kominote defavorize yo nan swen prevantif ak byennèt. Yon poto mitan nan pwogram byennèt la se pral lansman *Blueprint for Wellness®* nan ete sa a - yon tès depistaj sante konplè ki bay enfòmasyon pisan pou mete aksan sou pwèn fò ak risk sante pèsònèl ki pral sipòte kominote Nwa ki pa gen ase resous yo pou yo pran kontwòl sante yo.

Senatè Eta a, Cordell Cleare, te deklare, "Inegalite nan swen sante pou kominote Nwa a se pa yon nouvo pwòje pou nou - aksyon pou abòde inegalite nan swen sante kominote nou an ap fè fas se yon bagay y ap tann lontan. Mwen kontan rejwenn

Gouvènè a nan anonse inisyativ sa a avèk legliz Nwa a pou franchi etap enpòtan sa a nan abòde inegalite rasyal nan sistèm swen sante nou an ak enpak li sou rezilta swen sante nan kominote nou an. Legliz la te istorikman yon resous ki prezan pou lidèchip, oryantasyon espirityèl ak enfòmasyon nan kominote Nwa a. Li apwopriye ke inisyativ sa a fèt an kolaborasyon konjwent avèk legliz la, espesyalman pandan pandemi sa a, pandan n ap travay pou nou atake anpil defi nou fè fas ak fè yon lòt pa nan direksyon gerizon, rekiperasyon ak restorasyon kominote nou an."

Ko-Prezidan Konsèy Nasyonal Lidèchip Sante Klèje Nwa CHL la ak Prezidan Rezo Aksyon Nasyonal la, Reveran Al Sharpton, te deklare, "Nou bat bravo pou Gouvènè a pou sipò li sou inisyativ enpòtan sa a - yon modèl pwouve ki demontre ke nou ka sove lavi nan kominote nou an gras ak travay mendèv sante kominotè legliz nou an".

Pastè The Abyssinian Baptist Church ak Ko-Prezidan CHL Reveran Calvin O. Butts III, te deklare, "New York ap jwe yon wòl lidèchip atravè nasyon nou an lè li angaje resous pou legliz Nwa nou yo atravè Choose Healthy Life pou abòde inegalite ki genyen nan sante ki afekte kominote nou an pandan plizyè deseni".

Nouvo Lidè Konsèy Klèje Choose Healthy Life New York la, Reveran Jacques DeGraff, te deklare, "Jodi a nou fè yon gwo pa nan direksyon egalite sante nan kominote nou yo. Atravè rezo Legliz Nwa enpòtan sa yo, New York ap etabli yon modèl istorik nasyonal pou amelyore rezilta sante yo. Efò pyonye sa a pa t ap kapab reyalize san vizyon reyimajine ki konbine lafwa ak lasyans".

CHL te etabli nan kòmansman yon rezo 50 legliz nwa nan senk gwo vil - ki gen ladan New York - epi te grandi rive nan 120 legliz atravè 13 eta. Siksè pwogram nan santre sou etablisman yon mendèv sante kominotè nan legliz Nwa a. Nan premye ane li a, CHL te òganize plis pase 2,200 evènman, administre plis pase 90,000 tès COVID-19 ak vaksen atravè legliz li yo.

Choose Healthy Life te fonde pa Debra Fraser-Howze epi li baze sou modèl ki gen anpil siksè li te kreye pandan li te nan Komisyon Nasyonal Lidèchip Nwa sou SIDA, yon òganizasyon li te fonde pou abòde epidemi SIDA nan kominote Nwa yo avèk sipò toupatou lidè kominotè yo, sa gen ladan Hazel Dukes, Prezidan NAACP Eta New York la.

Fondatè CHL la, Debra Fraser-Howze, te deklare, "Moun yo kontinye mande 'Kilè n ap tounen nan nòmal?' epi mwen di, 'nou p ap tounen nan nòmal nou te mouri nan nòmal'. Nou trè rekonesan anvè patenarya piblik-prive yo ki te etabli pou sipòte Choose Healthy Life ki vreman vin tounen yon mouvman nasyonal. San sipò Gouvènè a, Eta New York ak patnè antrepriz nou yo ki gen ladan Quest Diagnostics, nou pa t ap nan pozisyon pou nou abòde zafè ekite sante nan kominote nou yo".

Kòm yon esponnsò fondatè, Quest Diagnostics Foundation te bay sipò finansye pou etabli mendèv sante kominotè CHL ki baze nan legliz. Anplis de sa, Quest Diagnostics

te bay CHL tès dyagnostik ak lòt sèvis, sa gen ladan resous COVID-19 epi kounye a, swen prevantif ak tès byennèt pou sipòte kominote Nwa defavorize a.

Direktè Egzekitif Jeneral eli Quest Diagnostics la, Jim Davis, te deklare, "Nou te wè dirèkteman enpak COVID-19 ki pa pwopòsyonèl te genyen sou kominote Nwa a ak gwo inegalite nan sante li te revele. Nou fyè pou nou apiye sou kolaborasyon nou avèk Choose Healthy Life pou ede sove lavi ak amelyore sante kominote Nwa a. Objektif nou se elaji aksè nan resous swen sante pou abòde inegalite kle ki te afekte kominote Nwa yo pandan twò lontan".

An novanm 2020, Choose Healthy Life te etabli Konsèy Nasyonal Lidèchip Sante Klèje Nwa (National Black Clergy Health Leadership Council, NBCLHLC) pou ede gide pwogram nan. Rev. Butts III ak Rev. Sharpton ko-prezide Konsèy la ki gen ladan Rev. DeGraff ak Senatè Ameriken Rev. Raphael Warnock ki dirije travay la nan Atlanta. Anplis New York ak Atlanta, pwogram nan etabli nan legliz yo nan Detroit (Rev. Horace Sheffield, New Destiny Christian Fellowship), Newark (Rev. David Jefferson, Metropolitan Baptist) ak Washington, D.C. (Rev. Frank Tuceker, First Baptist Church)

CHL te rasanble ajans United Way lokal yo anba United Way of New York City ki sèvi kòm patnè egzekisyon pou Choose Healthy Life. Legliz ak ajans yo travay an kolaborasyon ak depatman sante lokal yo, lopital ak òganizasyon kominotè yo pou asire aksè nan sèvis sante ki nesèsè anpil yo.

Direktè Egzekitif Jeneral pa Enterim United Way of New York City, Eric McDonnell, te deklare, "Finansman sa a enpòtan anpil pou travay nou nan rezoud inegalite rasyal ak inegalite nan swen sante. Pandemi COVID-19 la te plis frape moun koulè yo, sa ki te pote yon limyè sou bezwen resous sante vital nan nivo kominote a. Nan travay avèk legliz nwa yo ak klèje vil nou an, nou te etabli yon sous ki konfyab pou tès COVID-19 ak vaksen nan kominote nou yo epi pral kontinye ede nou edike, enfòmè ak defann byennèt moun koulè yo isit la nan kominote nou an".

Li esansyèl pou siksè Choose Healthy Life pote lafwa ak lasyans medikal ansanm pou asire yo founi enfòmasyon ak edikasyon egzat ak alè bay mendèv sante kominotè pou sante nan legliz li yo. Pou sa, CHL gen yon konsèy medikal etabli ki gen ladan ansyen Direktè CDC ak Komiè Sante Vil New York Doktè Tom Frieden, ansyen Sekretè Sante ak Sèvis Sosyal Etazini ak Prezidan Emerit Morehouse School of Medicine, Doktè Louis Sullivan, premye fanm doktè nan Chanm Reprèzantan Ameriken an, Doktè Donna Christensen (1997-2015), ansyen Komisè Sante Washington D.C., Doktè Reed Tuckson, ansyen Prezidan Gwoup Travay Ekite nan Sante Mezon Blanch lan, Doktè Marcella Nunez-Smith ak espesyalis medsin obezite ki te fòme nan Harvard Medical School Doktè Fatima Cody Stanford.

Finansman CHL la soti nan kolaborasyon piblik/prive ki gen ladan patnè fondatè Quest Diagnostics Foundation, Resolve to Save Lives, Siemens Foundation, Novo Nordisk, Administrasyon Resous ak Sèvis Sante (Health Resources and Services Administration, HRSA) epi kounye a, Eta New York.

Konsènan Choose Healthy Life

[Choose Healthy Life](#) (CHL) se yon inisyativ legliz Nwa ki asire legliz yo - enstitisyon ki pi ansyen ak pi konfyab yo nan kominote Nwa a - resevwa resous ki nesese yo, fòmasyon, ak sipò pou abòde pwoblèm COVID-19, lòt inegalite nan sante ak pou founi pwogram byennèt prevantif. CHL te etabli okòmansman yon rezo senkant (50) legliz Nwa nan senk gwo vil - ki gen ladan New York - epi li te grandi pou vin 120 legliz atravè 13 eta. Siksè pwogram nan santre sou etablisman mendèv sante kominotè ki baze sou lafwa nan legliz la. Nan premye ane li a, CHL te òganize plis pase 2,200 evènman, te administre plis pase 90,000 tès COVID-19 ak vaksen atravè legliz li yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)